



Chè fanmi:

Nou ekri ou pou fè w konnen gen posibilite pou sèvis otobis jòn yo antre nan grèv pou otòn sa a. Sa ka gen enpak sou mwayen transpò pitit ou a pou ale lekòl si pitit ou a itilize sèvis otobis jòn pou ale lekòl. Si ta gen grèv, pi gwo priorite nou se toujou asire chak elèv, espesyalman sa ki pi vilnerab yo, ka kontinye ale lekòl yo san entèripsyon.

Li posib pou grèv sa a fèt akòz yon konfli travay ant konpayi otobis ki bay sèvis otobis jòn nan lekòl nou yo ak yon sendika ki reprezante chofè otobis yo ak asistan yo, epi sa ka afekte mwayen wout otobis nou yo. Lekòl Leta Vil Nouyòk ak Biwo Majistra a ap kontwòle sitiyasyon an avèk anpil atansyon epi n ap travay avèk patnè nou yo atravè vil la pou jwenn yon rezolisyon, avèk objektif pou evite gwo enpak yon grèv ta genyen sou elèv nou yo ak fanmi yo. Sepandan, piske gen posibilite pou yon grèv konsa, nou vle pou mete w okouran epi ba w enfòmasyon. Tanpri gade enfòmasyon ki pi ba a epi kontinye ale sou sitwèb nou an — schools.nyc.gov/transportation — pou asire ou okouran dènye devlopman yo ak pou konnen resous ki disponib.

- **Resous Lekòl Leta NYC sou entènèt:** Resous konsènan entèripsyon sèvis otobis pou fanmi ap disponib sou sitwèb nou an nan schools.nyc.gov/transportation. La, w ap jwenn enfòmasyon sou MetroCard pou ijans, lòt opsyon transpò pou elèv ak fanmi, pwosedi pou prezans pitit ou a, ak lòt èd ki disponib jiskaske sèvis otobis la refonksyone nòmalman. Tanpri ale sou paj sa a souvan paske n ap mete l ajou avèk dènye enfòmasyon yo.
- **Mizajou sou medya sosyal yo:** Nou pral pataje mizajou tou atravè kont rezo sosyal nou yo (@NYCSchools sou [Facebook](https://www.facebook.com/NYCSchools), [Twitter](https://twitter.com/NYCSchools), ak [Instagram](https://www.instagram.com/NYCSchools)).
- **Lòt enfòmasyon:** Ou ka rele tou sant pou mwayen transpò nou an nan 718-392-8855, voye yon imèl pou nou nan transportation@schools.nyc.gov, oswa rele 311 nan nenpòt moman pou jwenn enfòmasyon ak dènye mizajou yo sou sèvis otobis jòn.
- **Avi si ta gen grèv:** Si yo anonse yon grèv epi pitit ou a pral afekte, w ap resevwa yon apèl otomatik, imèl, ak mesaj tèks nan men nou, ansanm ak yon dezyèm seri avi nan premye maten sèvis otobis la ap kanpe a. Avi yo prale nan enfòmasyon kontak lekòl ou a ba nou yo, donk li enpòtan pou asire enfòmasyon ou bay lekòl la pou kontakte w yo ajou ak ni nan kont lekòl Vil nouyòk ou a [NYC Schools Account](https://www.nyc.gov/nycsa) (jwenn plis enfòmasyon nan schools.nyc.gov/NYCSA). Yon fwa



sèvis otobis la rekòmanse, w ap resevwa avi otomatik ankò pou fè w konnen nouvèl sa a.

- **Lòt mwayen transpò si ta gen grèv:** Lekòl Leta NYC ap travay aktivman pou fè aranjman pou lòt mwayen transpò pou fanmi ki afekte yo. Tout fanmi ki afekte nan grèv la pral gen opsyon pou jwenn yon MetroCard ijans ni pou elèv la ni pou yon moun k ap okipe elèv la. Anplis, Lekòl Leta NYC pral bay trajè angwoup ki peye alavans epi y ap ofri ranbousman pou elèv ki gen andikap yo rekòmande mwayen transpò nan yon Pwogram edikasyon endividyèl (IEP) yo oswa nan Plan Akomodasyon 504 yo (504); elèv ki nan lojman tanporè oswa nan Foster Care ki resevwa sèvis otobis jòn; ak elèv ki gen yon eksepsyon mwayen transpò yo apwouve, jan yo defini sa nan paj wèb elijiblite pou [eksepsyon mwayen transpò nou an](https://schools.nyc.gov/transportationexceptions) (schools.nyc.gov/transportationexceptions). N ap bay plis enfòmasyon nan jou kap vini yo. Nan ka yon grèv, kowòdonatè transpò lekòl ou a ap travay avèk ou pou evalye bezwen pitit ou a pou fanmi ou ka pran pi bon aranjman posib la pou transpò pou fè ale-retou lekòl la pandan sèvis sa a kanpe a.

Nou konnen kantite nan elèv nou yo ak fanmi yo ki depann sou sèvis otobis jòn, epi menm ide posiblite pou yon entèripsyon nan sèvis sa a ap kreye enkyetid; se poutèt sa nou vle pi transparan ke posib avèk fanmi nou yo. N ap kontinye ba w plis avi ak enfòmasyon depi sa posib. Tout pati yo ap travay avèk dilijans pou jwenn yon rezolisyon, epi nou swete plan sa yo pap nesesè.

Nou pran angajman pou sipòte oumenm ak tout fanmi nou yo nan tout fason posib.

Avèk senserite,

Emma Vadehra
Administratè anchèf pou fonksyonman
Lekòl leta NYC